

КАЛБАЙ
ӘБДИРАМАНОВ

# КЕЛЕШЕККЕ САПАР

(*Қосықлар топламы*)

„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН"
БАСПАСЫ—1981.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Калбай Әбдираманов жас та болса кәпшиликке қашшаннан танылып киятырған шайыр. Поэзия ышқыпазлары бунннан бир неше жыл бурын оның „Жүректеги жазыўларын“ оқып, шайыр менен сырласып, муңласқан еди, сол „сырласыўдан“ тапқан дослары бул китапты да жыллы шырай менен күтип алатуғыны даўсыз, шайырдың диапазоны кеңейген сайын оқыўшылары да көбейип атыр.

Қалбайдың лирикасы жигерлилиги, ой-өрисиниң кеңлиги менен өзине тартады, Ўатан, туўылған жер, адамгершилик, адамның адамға меҳир-муҳаббети—мине, шайырдың бас темасы.

А $\frac{70103-92}{М-357(04)-81}$ 4702250000

„Қарақалпақстан“ баспасы, 1981.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЕЛИМ МЕНИҢ

Елим мениң, өзиңе еркелеймен,
Балам деген сөзиңе еркелеймен,
Аман болсам алғанның бәри қарыз,
Парызымның барлығын мен төлеймен.

Босағамсыз дуз берип, нан услаған,
Досларымсыз танысқан, таныспаған,
Қуўанышым—барлығы сизлердики,
Намысың да өзиңниң намыс маған.

Шайыр болсам сөзлерим жетсе деймен,
Батыр болсам жаўыңды өкшелеймен.
Саған деген қыйралып шегаралар,
Қулағыңа даўысым жетсе деймен.

Артсаң екен мойныма аўыр миннет,
Жүрер едим мен де бир тәўирмен деп.
Елеспесиз жүрген бир жаман екен,
Өртенеди өзегим таңылғым кеп.

Шаўып берип жүрейин атларыңды,
Жағып берип жүрейин отларыңды.
Балаң едим кишкене, жүректеги,
Жазып берип жүрейин хатларыңды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## КӨСЕМИМЕ

Түсинемен пикиримниң басы деп,
Қай темаға қосығымды арнасам.
Өмирде сәл турғандайман пәсирек,
Саған қарап алмасам.

Сениң сөзиң арқалы,
Тик турып мен сөйледим.
Жер бетинде Ҳақыйқаттың барлығын,
Уқтырып мен сөйледим.

Гүлдей ашып жанымды,
Сениң аппақ шуғылаңа қарадым.
Баянлайды ҳалымды,
Бүгин мениң мынаў нурлы заманым.

Сен бизлерди еркинликке үйреттиң,
Тилимизди үйреттиң сен сайраўға.
Ириликке үйреттиң сен бизлерди:
Ең кеминде жердиң жүзин ойлаўға!

Халықларды бир мақсетке жыйнадың,
Гүллентсин деп Ўатанды.
Сен бизлерге үлкен ЖҮРЕК сыйладың
Сыйдырсын деп жәҳанды!

## КӘРЎАН ӘСТЕ-ӘСТЕ КӨШИП БАРАТЫР...

Беккем түйекештиң сабыр-тақаты,
Кәрўан әсте-әсте көшип баратыр,
Оған мүшкил емес жол машақаты,
Кәрўан әсте-әсте көшип баратыр.

Жолбасшы бар онда—бар онда тәртип,
Арқаға азығын, аўқатын артып.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Алдыңғы түйениң мурнынан тартып,
Кәрўан әсте-әсте көшип баратыр.

Алдынан буркырап уйткып даўыллар,
Мазасын алады нөсер жаўынлар,
Артында булдырап калар сағымлар,
Кәрўан әсте- әсте көшип баратыр.

Базда сайрап шығар жол тоқсан торап,
Жолыңды ҳеш кимнен болмайды сорап,
Адасса бир бийик жулдызға қарап,
Кәрўан әсте-әсте көшип баратыр.

Гейде түсип шыққан жолын жойтады,
Қайта сүрдеў излеп изге қайтады,
Сонда да түйекеш қосық айтады,
Кәрўан әсте-әсте көшип баратыр.

Узақ сегбир тартып таўларды, тасты,
Еспе кумлар, көллер, шөллерди басты,
Буншама кең екен аспанның асты,
Кәрўан әсте-әсте көшип баратыр.

Жүрер ақыраптан сәўирге шекем,
Тас ҳәм бронзадан темирге шекем,
Бизиң техникалы дәўирге шекем,
Кәрўан әсте-әсте көшип баратыр.

Әпиўайы детальлар кәрамат болды.
Жайдары металлар қаназат болды,
Горилла маймыллар азамат болды,
Кәрўан әсте-әсте көшип баратыр.

Билер кәрўанбасы не ететуғынын,
Қайсы соқпақлардан өтетуғынын,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қайсы мәнзиллерге жететуғынын,
Кәрўан әсте-әсте көшип баратыр.

Бәри пайлы екен жақсы әрманға,
Өмиршең ойларға, бәлент талғамға.
Жақсы дәўраннан да жақсы дәўранға,
Кәрўан әсте-әсте көшип баратыр.

## БИРИНШИ МУҒАЛЛИМИҢЕ

(*Қызым Лилияға*)

Айтасаң өзгелерден,
Көзиниң жыллылығын.
Айтасаң өзгелерден,
Сөзиниң жыллылығын.

Айтасаң басқалардан,
Көбирек унағанын.
Айтасаң басқалардан,
Көбирек сорағанын.

Айтасаң басқалардан,
Бести көп қойғанын да.
Айтасаң „Усы қызым,
Если“, деп қойғанын да.

Ол саған жат ишинен,
Унаған биринши адам.
Есейсең сыйлағайсаң,
Бәҳәрдиң гүлин соған.

Ол саған ат береди,
Алысқа шабатуғын.
Ол саған от береди,
Бир өмир жанатуғын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мақтанар шатпағыңа,
Қуўанып хәрип билсең.
Умытпа сол адамды,
Оң-солды танып билсең.

Айтайын бул өмирде,
Жыйған бир акылымды,
Жатырған жүрегимде,
Ең үлкен нақылымды:

Ол сениң муғаллимиң
Оқытып билим берген.
Ананың тилин берген,
Даланың гүлин берген.

Ол саған көп береди
Кеўили ояў жүрип.
Ол саған ат береди,
Өмирде жаяў жүрип...

Жетискен хәмелиңе,
Шад болып бириниши рет,
Қызығып қәдемиңе,
Қарайды күлимсиреп.

Хәр гезде келип турсаң,
Соған-ақ жубанады.
Жемисин жемейтуғын,
Бағын ол суўғарады.

Сен бизге қайтарарсаң,
Қаншама жан берсек те.
Тонналап әкелерсең,
Соншама нан берсек те.

„Сәлем“ де көрген жерде,
Қасына кеп ғана сен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Устаздың кеўлин аўла
„Шәкиртиң“ деп ғана сен.

Умытпа сол адамды,
Қәнәәт етеди ол.
„Устазым“ деп қойсаң-ақ,
Шад болып кетеди ол.

## АҚ ҚАЙЫҢЛАР

Рустың, сулыў екен,
Орманы, ағашы да.
Ойлапып талай келдим,
Оканың жағасына.

Көйлегин атып урып,
Сыбырлап тил қатысып,
Келбетин бир көрсетип,
Кетердей сууға түсип,—

Турады ақ қайыңлар,
Ақ балтыр көзди ойнатқан.
Бир көрсең мың келиўге,
Ериксиз сөз байлаткан.

Жасыл шөп, жасыл гилем,
Қарасаң қаяғыңа.
Бир заман жатсам ба екен,
Жығылып аяғына.

Не деген көркем еди,
Не деген жер кең еди!
Қасыңда ақ қайыңлар—
Орыстың еркелери.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## МУҲАББЕТ ДЕГЕННЕН-АҚ...

Қоя алмайман кеўлимди ары ысырып,
Жақынырақ келгенше алыс үмит.
Қосығымды сынағыш адамлар бар,
Муҳаббет дегеннен-ақ жаны шығып.

Көтеремен барлығын тек сен ушын,
Көтеремен... мен бирақ жетсе күшим.
Кеўилимди бәлентке қондыра гөр,
Қыйынлығы ҳеш қандай жоқ сен ушын.

Мен шайырман: билемен миннетимди,
Өткиземен ой менен күнде түнди.
Бир бетиме өмирден сая түссе,
Қуяшқа мен тосаман бир бетимди.

Бар мениң де ўақытым унайтуғын,
Сүйгеним бар дәртимди сорайтуғын.
Муҳаббетим киргенде қушағыма,
Умытпайман жан барын жылайтуғын.

Жылайды ол. Несине жыламайды,
Сүйгени ушын қол жетпес жырақ айды.
Муҳаббеттиң тилсимин биле тура,
Журт ашықты несине гүналайды?!.

Ҳақыйқаттан келмейди қашып қалғым
Жүректеги сезимди басып бәр күн.
Мен ақыры шайыр боп туўылдым ғой,
Оятыўға жүрегин ашықлардың.

## ЖЕТЕР!..

Сүйемейсең ямаса қулатпайсаң,
Жылатпайсаң ямаса жубатпайсаң,
Кел демейсең қасыңа, кет демейсең,
Жек көрмейсең ямаса унатпайсаң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Үнсизлигиң жаныма муң салады,
Үзилгендей жанымның бир сабағы.
Өтип кете бересең сен қыйналмай,
Мениң жаным өртенип турсадағы.

Ҳақым бар ма айтыўға мени „сүй" деп,
Алып кете алмайман сени сүйреп.
Көз алдымда турады сениң тулғаң,
Қыялымнан думанның бәри сийреп.

Унатаман өзиңди бәри бир де,
Тыншытпайды жүрегим қәлибинде,
Жылап-жылап аламан қосығыма,
Жылап-жылап аламан ҳәр иширде.

Жылайман мен! Жетер сол шыдағаным!
(Қосықта да мен енди сыналаман!...)
Жалын таслап кеттиң сен жолларыма,
Секирместен қалайша тура аламан?!

## АЙТА АЛМАЙМАН...

Айта алмайман мен сени жақыным деп,
Кел деўге де бармайды батылым көп.
Басқа ошақтың жалынын иркип алма,
Маған деген кеўлиңниң отын үрлеп.

Айта алмайман мен сени жақыным деп,
Айта алмайман зайыбым, қатыным деп.
Бирақ сол сен муңайтып кеткен жерден,
Турар бәрҳа жаныма шақырғым кеп.

Бар бахтымды өзиңе тапсыраман,
Сениң шадлы өмириң ақсын аман,
Аман болсын мениң де муҳаббетим,
Муҳаббет гөй кеўлимди жақсылаған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кеўилимди тур, жаным аршып ҳәр күн,
Отымды мен келмейди таўсып алғым.
Үмитинен шыға алмай досларымның,
Душпанлығын жеңе алмай қарсылардың...

* * *

Ақ бантик таққан бир сулыў,
Алдымнан гейде өтеди.
Ойнатып қара көзлерин,
„Аға" деп маған кетеди.

Сол қыздың маған сонысы,
Турады ишлей унамай.
Саламан көздиң қыйыгын,
Суқланып қараў гүнадай.

Жагирмадағы жигитлер,
Шаншылып көзи тебендей,
Тәкаббир маған қарайды,
„Сениң не теңиң" дегендей.

Жүзимди мениң олар да
Гөнелеў көрип турады.
Отыздан өтсем деп не едим,
Кеўилим қурғыр сынады.

Патшалық екен онсегиз,
Мынаўың оннан көп бөлек.
Күйгелек болып барамыз,
Көринген қызға өкпелеп.

Елиўге келген адамлар,
Хеш бирин соның ойланбай,
Жыйырып қояр маңлайын,
Шиймақпал тутып қойғандай...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АХ, СОЛ ҚЫЗ!

Исенбеймен ерлер қатал дегенге,
Өйткени көргенмен қыздың каталын.
Онша сүўреткерлик жоқ өзи менде,
Айтып бере алмайман ҳәр бир деталын.

Оның тулғасында бар еди жылыў,
Алдында ақылым тубалар еди.
Сонша гөззаллыққа ийе бул сулыў,
Қатал болмағанда не болар еди?!.

Қап-қара көзлерин оның көргенде,
Ойладым жулдызлы аспан шығар деп.
Сонша сөзлериме шыдам бергенде,
Ойладым жүреги тастан шығар деп.

Онда көз бар еди жалындырғандай,
Аппақ мойынлары қустай мысалы.
Көргенди ақылдан жаңылдырғандай,
Бар еди ол қыздың отлы кушағы.

Аппақ балтырларын бир жалаңашлап,
Доланған гезлерин көрсең еди сен.
Сүмбилдей шашларын арқаға таслап,
Таранған гезлерин көрсең еди сен!

Алғыс айтар едиң: жипек денеге,
Усындай жипекти тапқан адамға.
Қарғыс айтар едиң түтеп және де,
Сондай гөззаллықты жапқан адамға.

Рафаэль болсаң да турған үлбиреп,
Сол қыздың сүўретин салалмас едиң.
Себеп отырғанда көзи мөлдиреп,
Сен бийтәреп болып қалалмас едиң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Енди мүмкин емес сүўрет салыўым,
Рафаэль емесимди жәҳан биледи.
Артық еди Мадоннадан арыўым,
Өйткени бар еди оның жүреги.

**ШАЙЫРЛАР**

(*ҳәзил*)

Шайырлардың жүреги нәзик болар,
Кеўилине сәл тийсең азып болар.
Адам ғой деп сыр айтсаң оңашада,
Ол барлығын қағазға жазып болар.

Муңайтады, қуўантып күлдиреди,
Көп сөйлейди, өйткени тил биледи.
Ашық болма, арыў қыз, шайырларға,
Ол өзиңди өсекке илдиреди,

Бул дегениң тынымсыз кәсип болар,
Сәл унатса өлердей ашық болар,
Өжетленсе әкелип аяғына,
Жулдызлардың барлығын шашып болар.

Кешир гөззал, айтпақшы, жалынамыз:
Биз де күниң нурына жылынамыз.
Бәримизге орталық бир аспан бар,
Бәрин саған сыйласа неғыламыз?

Ол өшиксе барлығын ете алады.
Айдың да аржағына өте алады.
Ойлана гөр, қарағым, бул тезликти,
Қайсы бенде қуўалап жете алады?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Анық сүйсе азабын арқаласын,
Беккем оның жүреги—балталасын!
Бир сүйдир де изиннен жүргизе бер,
Бирақ шәрти: қумары тарқамасын!

## ИЛҲӘМ

Қудирет күши жолықты маған,
Қудайман ҳәзир кишкене.
Қыймай да турман ўақтымды,
Пухараларға түспеге.

Түсиндире алмай атырман,
Кеўилимди сол аппақ.
Геўдемде мениң батырдың,
Ерлиги тур ғой қонақлап.

Үстинде мына қосықтың,
Кеўилим кетти өсип те.
Пайғамбер келип турса да,
Отыра турсын есикте.

Тийменлер маған, досларым,
Сеники кейин нақ төрим.
Алып ем қолға Пушкинниң,
Жазылмай қалған дәптерин.

## БУЛБИЛГЕ КЕСЕК АТПА

Неге оған кесек аттың, қарағым,
Көзиңе не көринди?!.
Соншa буўып белиңди,
Неге оған кесек аттың, қарағым?!.

Шарқ урып жүр әне пақыр бийикте
Жубатыў ушын жүрегин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Неге оған кесек аттың, қарағым,
Қай адамның улы едиң?

Орынсыз берген азаптың
Жазылар ма жарасы?!.
Оқ атады бүлбилге,
Қай жақсының баласы?

Кесек атпа, қарағым,
Өзиңнен бийик ушқанға.
Кесек атпа,қарағым,
Сайрайтуғын қусларға!

## СТУДЕНТКА

Сағынып мен тоғайдың наз қушағын,
Келип едим бул жерге жазға салым.
Қызлар көрдим ақтарған ақ китапты,
Ақ көпшикке қаўсырып ҳәз қушағын.

Сақланғандай көзлердиң қыйығынан,
Гүлер әстен жымыйып мыйығынан,
Көп гүл отыр, тоғайда бир қыз отыр,
Қара шашы төгилип ыйығынан.

Сол ғой излеп көзлерим қызған адам,
Көз астыннан сүзилип жүз қараған.
Сол гөззалдың қадалған кирпигин де,
Алдындағы китаптан қызғанаман.

Ол бирақ та басқаны аңламайды,
Ол китаптан басқаға пәң қарайды.
Жек көрсе ол жек көрип шыны менен,
Шын сүйеди сүйсе де, алдамайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Оған таныс кең аспан, жазық дала,
Ойлары да өмирдей озық, дана.
Ҳәзир онын жүрегин ийелерсең,
Унағандай бир китап жазып ғана..-

* * *

Бөлмеңе кеште мен жағып кеткен сол жулдыз,
Жарқырап жүрсин геуденде.
Әрмандай мени көреди ғой деп сол бир қыз,
Қайтайын ҳәр ўақ келгенде...

Бир күлип қойсаң шад жүремен күнде мен,
Түсирмей ҳәр ўақ еңсени.
Майданға кирсе жарқ ете қалсын күн менен,
Шайырдың полат семсери.

Өмирим мениң уксайды гейде тасқынға,
Ғәзепке минсем патыраг.
Найзағай болып гүркиреп күниниң астында,
Кетемен шарт-шурт шатынап.

Бөлмеңе кеште мен жағып кеткен сол жулдыз,
Жарқырап жүрсин геуденде.
Әрмандай мени көреди ғой деп сол бир қыз,
Қайтайын ҳәр ўақ келгенде.

## ОЙ

Мен бирден-ақ кеўиллерди аўдардым,
Өжет едим бир басып,бир қуладым.
Күле ғойсам дирилдетип таўларды,
Тереңинен тартып алдым булағын.

О, сүйиклим, түсин мени бирақ та,
Адам жанын уғыў керек кеңирек.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қолдан келсе жубатып жүр, жылатпа,
Мен жыласам,.. жиберемен еңиреп.

* * *

Геўдене жағып жалынды,
Шайырлар жүрмес урансыз.
Соншалық бийик жаныңды,
Пэслетип кетер бир арсыз.

Шайырдан өткен полат жоқ,
Муңайса қалмас езилмей.
Қолыңнан келсе қанат боп,
Көтерип әкет сезилмей.

* * *

*(Сергей Есениннен)*

Саррапшыдан сорадым бирде,
Пулларымды майдалап оған.
Гөззал Лала сөйлеген тилде,
„Сүйдим" деўди үйретши маған.

Оннан соңғы күнниң биринде,
Сол кисиге келдим қайтадан.
Лалаға мен парсы тилинде,
„Бир өптир" деп қалай айтаман?

Насазлықты жасырып ишке,
Сол саррапқа жөнедим тағы:
„Гөззал қызға парсы тилинде,
Менлик бол, деп қалай айтады?"

Ал ол болса жуўапқа келди,
Айтылмайды ышқы сөзлери.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сүйип үнсиз аҳ шеккенлердиң,
Яқут яңлы жанар көзлери.

Ҳәм атамас посаның атын,
Сөз жоқ ҳәтте турарлық оған.
Ғумшаларын топлап ериңге,
Гүл ҳәм үнсиз сүйдирер саған.

Саған кепил болмайды ышқы,
Шадлық я ол қайғыға жоллар.
Менлик деп тек айтыўға ҳақлы,
Жүзден перде көтерген қоллар!

* * *

Жанымды бүгин толтырып кеттиң сезимге,
Шайырға онысыз бар ма сэн.
Жақсы бир қосық жазатуғын гезимде,
Пэс боламан-аў жулдызга қарап алмасам.

Қуўанып жүрсем метеорлардай зуўлайман,
Аспаннан мынаў атылған.
Айықсам деп сен салып кеткен муңлы ойдан,
Жулдызға қарап атырман.

**ИСПАН ХАЛЫҚ ЭПИГРАММАСЫ**

Сен сулыўсаң ҳақыйқат буным,
Ҳәм де байсаң,ҳеш алдамайман.
Ҳәм де пәксең оллаҳи шыным,
Бирақ соның үстинде ойлан:

Дәлийил излеп, бақырып, гуўлеп,
Адамлардың ғаўлатсаң мийин,
Шырайлы деп, өзгеден бай деп,
Ҳәтте қыз деп... исениў қыйын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӘКЕ КЕТТИ ӨМИРДЕН...

Кең гүлзарлық есиктиң жуўық алды,
Гамыры бар. Ал гүлди суўық алды.
Әке кетти өмирден мәңгиликке,
Ал бизлерге жеңистиң туўы қалды.

Жеңис келди, халықтың қуты келди,
Муңаярды ким матам тутып енди.
Азаматлар өлген жоқ бостан-боска,
Бизге келген әжелди жутып өлди.

## ҚОСЫҚ

(*Ярым хәзил*)

Басқа жигит өтсе ийниңе қол салып,
Қурдас қызға қарайсаң сен курсанып.
Жаслығыңа күйинесең ишиңнен,
Өйткени сен сезимталсаң соншалық.

Көп нәрселер кеўилиңнен кетпейди,
Сол бир сулыў сени әрман етпейди.
Шын берилип сүйер еди-аў ол сени,
Жырың да оның жүрегине жетпейди.

Жанарыңда жас турады мөлтилдеп,
Өширейин бул қайғының өртин деп,
Қәлем алып, қағазыңа үңилип,
Столыңда отырасаң сол түн көп.

Бирақ жыр да аңсат емес билгенге,
Қосық—қосық бола қоймас бир демде,
Сол гөззалың кемпир болып қалыпты,
Сен жыр жазып унайман деп жүргенде.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АЛДАЎ

Бәҳәрдиң сол биринши апрели...
Сол бир достың маған дым ҳәким еди.
—Қуўана бер,—деди ол,— сөйлесиўге,
Сен сүйген қыз шақырып атыр еди!...

Бахыт күлип қарамас маған ондай,
Көўил кирим аршылды гүна қалмай.
Аўыллаға жуўырдым қуўанғаннан,
Досларыма жуўырдым шыдай алмай

Байрам сөйтип—байрамның аты Қалбай,
Тур дос болсаң төсекте жатып алмай.
Ҳәр таныстың есиги бир қағылды,
Бир қағылды Нөкисте қапы қалмай.

Асығыўда өткиздим узын күнди,
Қырдан терип әкелдим қызыл гүлди.
Сүйип қойдым ийис суў, моншағымды,
Түйип қойдым саўғаға жүзигимди...

Ал соңғы күн—бул мени өртеген күн,
„Мирәт еткен" жериңе ерте келдим.
Сөйлесиўге адам жоқ жолыққандай,
Зорға турдым аяқта талып қалмай,
Неге келдим бул жерге, неге асықтым,
Неге турдым төсектен өлип қалмай?!.

Эҳ, бул ышқы!..
Қуўдырған ҳәр сағымды,
Усылайша өткиздим қанша күнди,
Мен муңайып отырған тал түбине,
Шашып—шашып тасладым моншағымды...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БОЛМАҒАЙ

Нийети пасық адамның,
Мурнында самал болмағай.
Тек өзин сүйген жаманның,
Қолында ҳамал болмағай.

Өз атын ҳәр ким қамшылар,
Топлымлы жерде шаң шығар,
Сондайда мөлдир тамшылар,
Көзимнен тамар болмағай.

Елдиң бир ҳадал улы едим,
Жердиң бир нәзик гүли едим,
Ҳәммени сүйген жүрегим,
Досларға қамал болмағай.

Сүймесең, кеўлим, ғәзеплен,
Тымсырық болмай ашық бол.
Жолларға қара ғаз өткен,
Әкетер қашық, қашыққа ол.

Қус жолы жатар шалғайда,
Жулдызға жетер жол қайда,
Мақсетим бийик болғай да,
Сәл-пәлге кеўлим толмағай.

## КЕҢИСЛИК!

Қол жетпеген тыңлар көп бизде,
Ашылыўға тийис жаңадан.
Қол жетпеген шыңлар көп бизде,
Бәри соның алдында, АДАМ!

Болыў неден жақсы я жаман,
Неге керек алыс-шалыспа?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Болса дағы қанша гидиман,
Бул кең дала сыймас қарысқа.

Миллион бала туўылса бүгин,
Барлығы өз несибин татар.
Кең дала бул—қайыспайтуғын,
Мың арғымақ шапса да қатар.

Бәримизди асырайды Жер,
Егер тиймей жүрмесе пайдаң.
Мың Алпамыс шықса дәстаннан,
Тиресиўге жетер бул майдан!

Қандай көркем мениң бағларым,
Қандай жақсы мақсет-муратым,
Қандай бийик мениң таўларым,
Жететуғын мениң қанатым!

Оҳ, таўларым қандай көп мениң,
Күнлер сайын оған өрлеймен.
Сен де аласаң қолың жеткенин,
Тар болмаса егер де пейлиң.

Усылайша досты күлдирип,
Жеңип жүрмен күнде жаўымды.
Ким алады қолымнан жулып,
Мениң бийик мың сан таўымды?!.

Ўатанымда қәнша шың болса,
Алшаң-алшаң басып шығаман.
Ўатанымда қанша тың болса,
Барлығын да ашып шығаман!—

Арғымағым желсе де жыллап,
Таўсылмайды мениң жазығым.
Рахмет саған, партиям—
Пәк жулдызым—Темирқазығым!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КӨК ЭКРАНҒА ҚАШАН ШЫҒАСАҢ?

(*Валентина Толкуноваға*)

Көк экранға қашан шығасаң,
Айтып сүйген қосықларымды?
Тебирендирип жүрек тарымды,
Көк экранға қашан шығасаң?

Қосығында шәпәәт, мийрим,
Бәри де өз сезимим, туйғым,
Кетеринде келмейди қыйғым,
Көк экранға қашан шығасаң?

Көзин сүзер не бир палўанлар,
Тас көтерип бәйги алғанлар,
Алға түссин артта қалғанлар,
Көк экранға қашан шығасаң?

Дана болып кетсин наданлар,
Жақсы болып кетсин жаманлар,
Мәжнүн болып өтсин адамлар,
Көк экранға қашан шығасаң?

Ажырасқанлар сүйсин қайтадан,
Үйдегилер шықсын сай таман,
Үенсиз илҳәмимди жойтаман,
Көк экранға қашан шығасаң?

Баўыр болып кетсин танысың,
Тамыр болып кетсин алысың,
Журтты бийлеп нәзик даўысың,
Көк экранға қашан шығасаң?

Атлап елдиң шегарасынан,
Бахытыңның пағанасынан,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ана—Жер ҳәм ел арасынан,
Көк экранға қашан шығасаң?

Қолың толғай гүл дегенлерге,
Шешек атқай тил дегенлер де.
Көз етейин билмегенлерге,
Көк экранға қашан шығасаң?

Шадлыққа бир кенелгим келер,
Муҳаббетке бөленгим келер,
Сени излей жөнелгим келер,
Көк экранға қашан шығасаң?

Шийрин болып кетсин қосықлар,
Жақын болып кетсин қашықлар,
Күтер сени мың-мың ашықлар,
Көк экранға қашан шығасаң?

## АРНАЎ

(*Тилеўберген Жумамуратовқа*)

Мениң мына өмирден көп тилегим,
Жақсы адамлар саў болса деп тиледим.
Әкем пахыр өзиниң миннетинен,
Бес жасымда қутылып кетти мениң.

Солай кетти ол қалдырып баласын да,
Мына өмирде көп жыллар таласыўға.
Ол өлгенде жүриппен жүзим урлап,
Қосық айтып баллардың арасында.

Қалай меннен қайғы-муң жырақ дейин,
Көкиректеги шынарым қулап кейин,
Күлип жүрген баллардың арасынан,
Талай қайттым үй бетке, жылап кейин...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыйын екен енниўи ақыл-естиң,
Тиймес еди шад жүрсем батып ҳешким.
Кешириңлер,адамлар, тәсирленсем,
Мен солайша сезимге жақын өстим.

Бийик ойлар, кеўлимниң қусы бол сен,
Талай жүрдим өмирде түсип еңсем.
Әкем келер бәрҳәма қыялыма,
Маңлайымнан сыйпаған киси көрсем.

## ЖАЎЫП АТЫР АППАҚ ҚАР...

Қара жердиң бетине,
Жаўып атыр аппақ қар.
Ана-Жердиң бетине,
Жаўып атыр аппақ қар.

Ағарсын деп бул дүнья,
Қуўансын деп ул-қызлар,
Жаўып атыр аспаннан,
Аппақ-аппақ жулдызлар.

Аппақ жердиң төсинде,
Адымлайсаң жасқана.
Мынаў аппақ әлемди,
Көзиң қыймай баспаға.

Аппақ қары болмаса,
Ақ атамыз гезер ме?
Суўығына көнбеген,
Ыссысына төзер ме?!

Жаңа жылда жақсы өтсин,
Салтанатлы кешлериң.
Аман болсын ақ аяз,
Жаныпп турсын печьлериң...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТУЎҒАН ЖЕРГЕ

Өзиңнен алыста болсам,
Сағынып қайта келемен.
Атыңды айта беремен,
Атыңды айта беремен.

О, мениң туўған жерим,
Жәҳанниң жапырағы!
Бабам әль Берунийдиң,
Туўылған топырағы!

Бир қатар қосық жазсам,
Өзиңе жетсе деймен.
Атағым ҳәр үйиңе,
Таралып кетсе деймен.

Әссәлам, бәриңе де,
Шоқ таллар, пақша тамлар!
Зерипбайдан қалған туяқпан,
Әссалам, ақсақаллар!

Қой бағып жүргенимди,
Жасымда көрип единң.
Есиркеп жетим ғой деп,
Бир кәмпийг берип единң.

Рахмет сөзлериңе,
Рахмет өзлериңе,
Адам боп түссем деймен,
Сизлердиң көзлериңе.

## ИЙТКЕ ДЕ БИР ҚОСЫҚ

Сол баяғы Адам-Атадан берли,
Бәрҳама биреўге ерип жүрипсең.
Мың жыллап...көзиңде тутқан адамның



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аўысқан затына көнип жүрипсең.
Бөрибасарым мениң,
Алаңғасарым мениң!

Сәл-пәл ғайзағандай бирнәрсе ушын,
Хәтте ийенди де сатып келесең.
Азғана жуўынды берген биреўдиң,
Есигинде бир ай жатып келесең.
Бөрибасарым мениң,
Алаңғасарым мениң!

Сол баяғы әййем заманнан берли,
Еле исенесең өз ығбалыңа.
Усыннан тапсам деп өз талайымды,
Қулп болып жүресең дүнья—малына.

Сол баяғы әййем заманнан берли,
Талай адамларға ергенсең, заңғар,
Талай азаматқа үргенсең, заңғар,
Өйткени ийтсең ғой, ақыры,
Ийтке не заң бар?!.

Сениң кирмейтуғын жериң жоқ,
Сениң билмейтуғын жериң жоқ,
Мына ақ әлемде барсаң, ақыры,
Саў бол, Бөрибасар,саған өлим жоқ!

* * *

Жүр кегейлик халықтың арасына,
Қайта туўған Елликтиң даласына.
Өрмелейик қумлардың бийигине,
Жем берейик қуслардың баласына.

Ыссыға да, суўыққа қарамай-ақ,
Ойы пүтин, жаны жас баладай-ақ,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Омыраўды кең ашып самалына,
Жуўырайық қум кешип жалаң аяқ.

Ел арасы—ырысы қүт аралық,
Жипек сабақ жыйнайық шыт оранып,
Ерте турып азанда қой бағайық,
Отырайық түсинде тикен алып.

Ел исине қумбыл боп жумалайық,
Тыным көрмей пахтасын суўғарайық.
Ақ теректиң астында тамақ ишип,
Ақ билекти жумысқа сыбанайық!

Симирейик аўылдың пәк самалын,
Аралайық дәўирдиң бақша, бағын,
Аққуўларын үркитип Ақшакөлдиң,
Дүркиретип қуўайық ақ шабағын.

Шаңларына кийейик қызыл етик,
Шаш, сақалды қояйық узын етип,
Арқамыздан қара тер тамшыласын,
Шағырайған қуяштың қызыўы өтип.

Сәлем, Еллик! Өз жерим ойнап өскен,
Бир күн қонсам шықпайсаң айлап естен,
Табанымды күйдирген буйра қумлар,
Мен билмеймен бул күнде қайда көшкен?!.

Пурсат күтип жүремен барыў ушын,
Қайта тутап өзиңнен жаныў ушын,
Муҳаббетим питпейди саған деген,
Саған деген питпейди сағынышым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## РОМАНС

Сөндириўди ойлама,
Сөнбейтуғын жалынды.
Көндириўди ойлама,
Көнбейтуғын жаныңды.

Өз бетиңше муңайған,
Қыйын болар бәрибир.
Ең болмаса кеўлиңе,
Түйин болар бәрибир.

Жасырасаң несине,
Жүрегиңди езилген.
Умытыўдың аўырын,
Көрип турман көзиңнен.

Сениң көзиң қыймаса,
Хошласайын өзим-ақ.
Оңашада муңайып,
Отырайық азырақ.

## САҒЫНЫШ

Сениң бийик жаныңды уғатуғын шығарман,
Әрман еткен жериме шығатуғын шығарман,
Мына жалпақ әлемнен пәс тутсам да өзимди,
Ийгиң келсе мәңгилик ийилместей шынарман.

Әкем өлди күйиниш әкелген жоқ бул аса,
Мен қулайман мына күн гүмбезинен қуласа.
Қапа болсам егер де айып етпе, жақсы дос,
Айтшы, кимниң аўызы қыйсаймайды жыласа?!.

Мен де адамман, қайғырып, егилетуғын шығарман,
Мен төгилсем теңиз боп төгилетуғын шығарман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Туўылып ем мен мына қарақалпақ жеринде,
Ким биледи сол жерде көмилетуғын шығарман.

Алыс кеттим аўылдан, жүрдим алыс жақларда,
Зар да болдым аз-азлап келетуғын хатларға,
Досларымды сағындым талай жеген мушын мен,
Тост көтерип басқалар қосық айтып атқанда.

Суўлы жерде жүргенде шөллеримди сағындым,
Шөлистанға шыққанда көллеримди сағындым,
Бәрин таслап, излеедим жарыласатуғын биреўли,
Бул өмирден дос па деп келгенимди сағындым.

Қаратаўды, аўылдын дузларын да сағындым,
Туўған жердиң гүл түўе муз-қарын да сағындым.
Алыстаман арыў қыз, ашыўлансаң қәйтейин,
Аўылымның қап-қара қызларын да сағындым.

Бирге жүрген аўылдың жигитлерин сағындым,
Жерге түскен пахтаның шигитлерин сағындым,
Жалықтырған атамның үгитлерин сағындым,
Әрман еткен анамның үмитлерин сағындым.

Балаларды сағындым жүретуғын шаңқылап,
Қулыншағын сағындым, сүриибегей ат қулап!
Қайда барсаң сүмеңлеп шығатуғын алдыңнан,
Аўылымның ийтлерин сағынғаным жоқ бирақ.

## ҚАНДАЙ ЖАҚСЫ...

Қандай жақсы қасымызда,
Телефонның болғаны.
Қандай жақсы трубканы,
Сулыў қыздың алғаны.

Сөз таба алмай сен де үнсиз,
Ол да үнсиз турады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сымды бойлап жуўырады,
Кеўнлимниң шуўағы.

Уйықламайды таң атқанша,
Дилбар қосық тоқыйды.
Түни менен жазғанларын,
Түни менен оқыйды.

Айтып жүрген қандай жақсы,
Айтатуғын сөзиңди!
Дириллеген сезимлери,
Жумдырмайды көзимди...

Аздан кейин қыстың таңы,
Аппақ болып атады.
Аппақ болып ақ төсекте,
Дилбар уйқлап жатады.

* * *

Мен сениң кеўлиң ушын,
Сүймедим көзлериңнен.
Бетиңди бурма, жаным,
Шийриндей сөзлеримнен.

Қайсы бир айтқаныңды,
Билмеймен тыңламадым.
Өппедим ериниңнен,
Кеўлиңди былғамадым.

Кел, десең жетип бардым,
Кет, десең көринбедим.
Билмедим қаяқлардан,
Жолықты сорым мениң.

Өзиңше ойланасаң,
Өзиңше өртенесең.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жадырап жүрер едим,
Азырақ еркелесең.

Қызған де, қызғанайын,
Жолыңа жүз қарайын.
Қайсы бир гәплеримди,
Алдыңда қозғамайын?!.

Сөйлес де, сөйлесейин,
Тиллес де, тиллесейин.
Сыйлайын бир өзиңе,
Қызғалдақ гүлге шейин.

Бүлдирме жүрегимди,
Қум қылма жигеримди,
Билмеймен жыларымды,
Билмеймен күлеримди.

Сағын де, сағынайын,
Бағын де, бағынайын.
Көнбесең ҳешбирине,
Мен енди нeғылайын?;.

## ДИГИРМАНШЫ

(*А. Т. Твардовскийден*)

Қайсы жерде туўры келсе,
Қызлар сонда айтып жүр:
Дигирманшы не сөйлейди,
Дигирманшы тәкаббир.

Бирге жүрсең сер салып бир,
Қасымдағы ким демес.
Көпшиликти жақтырмайды,
Дигирманшы үндемес.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Алжастырып бир есикке,
Кетсең егер ийтерип.
Күлер тек те мыйығынан,
Ҳәзиллеспес сүйкенип.

Қойып кетти жақындағы,
Жиш пейил минезин.
Тап үлкен бир министрдей,
Сезип жүреди өзин.

Ондағы бул тәкәббирлик,
Жас болғанлықтан шығар.
Дигирманда машинаны,
Жалғыз басқарғанлықтан шығар.

Ушырасса қызлар қайда,
Усы әңгиме жүреди.
Бирақ оған қосылмайды,
Сол қызлардың биреўи.

Ол турады бир қапталда,
Қуўанышын жасырып.
Дигирманшы ондай емес,
Ондай емес ҳасылы!..

Тәкәббир дең, ашыўшақ дең,
Барлығы да жалған ол.
Шынлығында бир сулыўға,
Ашық болып қалған ол.

## БӘРИН БЕР МАҒАН...

Бәрин бер маған, сүйиклим,
Бәрин бер маған, арыў қыз!
Өзгениң жанын жылытқан,
Күнге де бизлер зәриўмиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бәрин бер маған, сүйиклим,
Не болса бәрин жаныңда,
Суўға да бизлер зәриўмиз,
Зәриўмиз гейде жалынға.

Уйқысызлыққа зәриўмиз,
Зәриўмиз гейде дастыққа,
Дослыққа бизлер зәриўмиз,
Зәриўмиз гейде қаслыққа.

Муңайып гейде аламыз,
Билдирмей бизлер басқаға.
Гүлге де бизлер зәриўмиз,
Зәриўмиз таўға, таска да.

Бәрин бер маған, сүйиклим,
Қолыңда бардың бәрин бер.
Бойжеткен қыздың сезимин,
Азамат ердиң арын бер.

Өмирде гейде қуўанып,
Өмирде гейде жылarман.
Қумарман айралыққа да,
Қосылыўға да қумарман.

Тербетиў ушын жанымды,
Кетсең де мейли жылатып.
Ақыры бир күн аяп сен,
Аларсаң бәлким жубатып.

Өртенип күйип-жанамыз,
Өзгениң жүрек шоғы деп.
Ышқыға бизлер зәриўмиз,
Басқадан бәлким көбирек.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жер басып жүрген бендениң,
Өзим деп бәрин уғамыз.
От алыў ушын басқалар,
Өртенип жанып шығамыз.

## ОТЫЗ ЖАС

Маған бахыт қарады қайдан күлип,
Кетти бир қыз отызда ойландырып.
Суў ығызып әкетти қайығымды,
Бир ийрим басымды айландырып.

Жырларымды қайтадан кестелетти,
Сезимимниң масағын дәстелетти,
Кеўилимди бир сезим дирилдетип,
Жүрегимди астан да кестен етти.

Аймалағым кеп кетти, еркелегим:
Бундай ўақта ақылым келте мениң.
Қайтар мениң бетимди, қайтармасаң,
Мынаў отқа түсип мен өртенемен.

Бир тилсим бар көзиңниң қарасында,
Өмиримди қыйсам да сол ҳасылға,
Жигирмадағы жасларға өзиң ушын.
Мениң күшим жете ме таласыўға?!.

Қыз унатты. Унатса неси кетти?
Өмир оған кейинлеў несип етти.
Отыз жаста ойланған бизге қыйын,
Басымыздан көп нәрсе кешип өтти.

## АЎЫЛЫМНЫҢ АДАМЛАРЫ

Ҳарма, бизиң аўылдың адамлары,
„Ақ алтын“ ның зәбердес маманлары!
Алтын қоллы азамат бизлер дейип,
Қолын былғап турғандай маған бәри,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳарма, ата, сақалы селдиреген,
Ҳарма, қызлар, тулымы желбиреген.
Алтын емес, пахтаның ҳәр ханасы —
Қара мийнет екенин мен билемен.

Жаным мениң жасқанар жалғаннан сол:
Бир тынбайсыз шигитти салғаннан соң.
Ҳәмме сөйлер дийханды көтермелеп,
Мийнети де ылайық болғаннан соң.

Қыста жумыс төгиннен басланады,
Жаңбыр жаўса көзиңнен жас тамады.
Жазы менен далада күнге күйреп,
Гүзде ашылар дийханның қас-ҳабағы.

Ақ алтынды көргендей аршадағы,
Гүзде соған ҳәрким-ақ тамсанады.
Нәтийжесин көрип өз мийнетиниң,
Дийханымның шығады шаршағаны.

Қурғақ сөзге адам жоқ еретуғын,
Мийнетиң бар ҳәр жылы көретуғын.
Сиз атыздың жанықас Прометейи,
Өзгелерге от урлап беретуғын.

## ТОҚТА, ДОСТЫМ

*(Бийсенбай Сәрсенбаевқа)*

Кең далада бир үлкен қала көрдим,
Бул қалада бир қара бала көрдим,
Машинасын зуўлатып өтип кетти,
Мен артында күлимлеп қала бердим,

Қара бала... Бурыннан таныс еди,
Сағынды ғой достыңның жаны сени.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жас болсақ га ол гезде биз өзимиз,
Әрманымыз әдеўир алыс еди.

Сүйиўши един сен онда бес алыўды,
Билмеўши един гиржийип, қасарыўды,
Көрсеңдағы меннен не жаманлықгы,
Бериўши един шығарып есабымды.

Билмеўши едик онда биз жасырыўды.
Билмеўши едик жағынып, бас урыўды.
Қолжазбамнан сен оқып жүриўши един,
Кәриймаға арнаған қосығымды.

Ол қыз қайда, балалық күним қайда,
Қосық еле көнликпей жүр ыңғайға.
Тоқтатпасаң усыннан таныл турып,
Жапырағым даўылға жулынбай ма?

Тоқта, достым, қасыма кел айланып,
Болдың бунша пәриййшан нени ойланып.
Аўылымдай көрмедим ысық аўыл,
Сениңдей дос таппадым ел айланып.

## АППАҚ ХАТ

I

Мектепте бирге оқыған,
Кишкентай бир қыз бар еди.
Тазалық еди класста.
Сол гезде онын ҳәмели.

Кәрийма көйлек кийгенде,
Турыўшы еди жарасып.
Жақынлаў соған болсақ деп,
Ҳәммемиз жүрдик таласып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кәриймa егер сөйлесе,
Жумылып ҳәмме тыңлады.
Кәриймa егер қой десе,
Өжетлик ҳешким қылмады.

Усы бир қызды ойласам,
Созғандай едим қол көкке.
Көзине түссем деп оның,
Көп нәрсе жаздым әлбетте...

Ишимде еди әрманым,
Билмеди мени Кәриймa.
Алынбай келсе тырнағым,
Тергеди мени Кәриймa.

Турыўшы едим асығып,
Онсегиз жасқа кирсем деп.
Барыўшы едим мектепке,
Тек ғана соны көрсем деп.

Үйимиз жаман қос еди,
Көлик те онда басқа еди.
Сол қыздың минген ешеги,
Ақсақ та болса жақсы еди.

Ақ тастан еди дәўети,
Сумкасы да оның унады.
Бир дәптер бере туршы деп,
Меннен де гейде сорады.

Ҳәммеден озған Кәриймa,
Қыз еди сондай қудирет.
Тапсырып маған муғаллим,
Үйине бардым бир рет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Журнўшн ем көзге илинбей,
Есиктен бирден төрге өттим.
Классном едим классса,
Басқалар қалып, мен кеттим.

Қызбаўшы едим ҳәмелге,
Хызметим сонда бир өтти.
Көзимниң алды булдырап,
Жүрегим қатты дир етти.

Сол қызға жүрген таласып,
Достымды сонда аядым.
Тағады маған ким гуна,
Бағынбай қойса аяғым?!.

II

Хат жаздым оған бир күни,
Бир бетгиң ишин шатпаклап.
Көйлегимди апам жуўғанда,
Езилип кетти аппақ хат.

Билмеймен ҳәзир не дедим,
Сол қурттай хаттың ишинде.
Әйтеўир қурттай сол қызды,
Көп көрип жүрдим түсимде...

III

Мектептен үйге қайтарда,
Сарсылып ойға таламан.
Кийимим жаман екенин,
Абайлап, сезип, қаламан.

„Алпамыс" жазсам,—деймен мен,—
Жарыйман бирден ақшаға.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ишинен жаман қара үйдиң,
Шыққан ғой талай жақсы аға.

Жүрген ғой талай жақсы адам,
Ишинде жыртық шалбардың.
Қуўанар деймен Кәриймa,
Үйимди тиклеп алған күн.

Аўзыма қолым жетсе бир,
Қояр ем қойды баққанды.
Күлимлеп қарсы алар ем,
Ағарып турған ақ таңды.

Елемей жүрген үйлерге,
Еркин бир басып кирер ем.
Жетимлик барын умытып,
Жарқылдап мен де жүрер ем.

Галстук тағып мойныма,
Ырғытып шықсам „Волга" ны,
Орынланар еди-аў сонда бир,
Кеўлимниң жақсы әрманы...

## IV

Оқыўдан келсем анамның,
Турады тайын шалабы.
Ол мениң қойға кетерде,
Кисемди қарап қалады.

Қыйнайды сөйтип ол дағы,
Қыйнайды қойлар көп мени.
Китапқа сүңгип, қозысын,
Жойылттым талай өйткени.

Алдайман гейде оны да,
Анамды гейде алдайман,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен оны сезип қояр деп.
Киседе китап салмайман.

Айтпайман оған оны да,
Билдире ғойсам тергейди.
Пальтомның турған жыртылып,
Астары барын көрмейди...

Қараңғы қашан түсер деп,
Қайғыда күним өтеди.
Елерип гейде ешкилер,
Егинге түсип кетеди.

Денемди сонда көгертип,
Сауғамды апам береди.
Сол гезде туўған үйимнен,
Безип бир кетким келеди.

Қосыққа қосып сол гезде,
Көркиңди айттым мен сениң.
Түсинип мени Кәрийма,
Унатып қалса деўши едим.

Сол күни жыңғыл қорага,
Тығып ем бәрин шатпақлап.
Балалық күнниң белгиси—
Жойтылып кетти аппақ хат.

Есимиз енген гезде де,
Өзиңди қайта қозғадым.
Ўақытлы баспа сөзге де,
Жарамай қалды жазғаным.

Жырымнын „гейбир буўыны,
Артықлаў болып кетипти."



www.ziyouz.com kutubxonasi

Басымнан мениң өткенлер,
Басынан көптиң өтипти.

Бизден де кешти дегенге,
Бирақ та өзим көнбедим.
Бахытым едиң өйткени,
Әрманым едиң сен мениң!

## V

Оқыўдан бир күн қайтқанда,
Еситтим сени кетти деп,
Туңғыш рет муңайдым,
Сонда жерди тепкилеп.

Өмиримде ең дәслеп,
Жырладым кеўилимниң қабарғаның.
Балалығым бирге кетти,
Бирге кетти өзиңде бар әрманым.

Қайдасаң ҳәзир, арыўым,
Бәри өтирик, деп мени
ертип кете ғой алдап.
Барайын қайда жүр десең де жаяўлап.
Алданып та көрейин,
байлығым болса әкете ғой бирге сен,
Көзимди жумып ерейин,
жер шетине жүр десең.

Алда мени, арыўым,
Баратыр өмир зымырап.
Жетегиңе ерейин мениң шынлыққа
көзлерим жетип турып-ақ.

Азап екен өзиңсиз,
Бир аўырлық жүрегимди қыйнайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мынаў аппақ заманымның шадлығы,
Ҳәзир мениң көкирегиме сыймайды.

Жаслар тамды көзимнен
Өкиништиң уўы жатыр денемде.
Исенбеймен өзиңдя
Мени таслап басқа жаққа
кетип қалды дегенге.

Бүгин жазып отырған,
Қағазыма түсип атыр қара дақ.
Бүгин тағы ақ түсти,
Шашларымды аралап.

Қапталымда қызлар көп,
Көзлеринде бахыт нуры ойнайды.
Олар мени көргенде,
Бахытлы деп ойлайды.

Қосықларын оқытып,
Алады олар баҳасын.
Жубатады мезгилсиз,
Әжим енген ағасын.

Жан-жағымды толтырып,
Ортаға алып отырады бир кетпей.
Сақлағысы келеди,
Мениң аппақ хатларымды кирлетпей.

Аппақ қарындасларым,
Отырады қара көзи мөлдиреп.
Ойламайды усы қурттай ағада,
Бир муҳаббат болды деп.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТЕЛЕФОНЫМ ЛАЛ БОЛЫП ҚАЛДЫ...

Жигит едим кеше қулпырған,
Әлип қәддим дал болып қалды.
Бүгин неге мүйеште турған,
Телефоным лал болып қалды.

Есигимди қақпады дилбар,
Көкирегим сондай қараңғы.
Жүрегимди тербеткен қоллар,
Алып кетип қалды шырамды.

Алып кетти барлығын қайтып,
Ислейтуғын ислер көп еди.
Жақын ўақта мен көретуғын,
Жарқын-жарқын түслер көп еди.

Жүрегимнен сорғалап турған,
Көрмесин деп жараларымды.
Таң шағында үйиме келген,
Киргизбедим жораларымды.

Сүйген ярым—сүйенген таўым,
Бийпарўалық етти жаныма.
Тақылдата бермең есикти,
Зар емеспен аяғаныңа.

Өйтип-бүйтип бәрибир мени,
Бәриңиз де алдап кетесиз.
Ғалаўытсыз дирилдеп турган,
Өмиримди былғап кетесиз.

Жақынлардың опасызлығын,
Көтермейди мениң жүрегим.
Мен адамман—актёр емеспен.
Ойнап жүрген инсан ролин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қайылдурман ҳәттеки, өмир,
Ийтлериңе талатқаныңа.
Бирақ ҳеш те қайыл емеспен,
Жүрегимди қанатқаныңа.

Пал усынып шийрин кесадан,
Зәҳәриңди қоса бересең.
Алдайтуғын болсаң, ақыры,
Неге шийрин поса бересең.

Өтириктен сөйлеме ҳасла,
Өтириктен қалады кеўил.
Еки аяқлы табылса саған,
Өзгени де өлтирмес өмир.

Телефонды таўласаң болды,
Билдирмейди алыс-жақынды.
Тилден зәҳәр тамып турса да,
Жеткереди айтар гәпиңди.

* * *

Мен бүгин жырламадым,
Бүлинди қосықларым.
Жанымды тырналадың,
Билинди ашытқаның.

Тынымсыз жүрегимди,
Неликтен дирилдеттиң.
Кешигип келдиң дағы,
Ўақтынан бурын кеттиң.

Қойдың да дыңғырлатып,
Шертпедиң тарларымды.
Қулаққа шалдырдың да,
Қурыттың дәрманымды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кеўлиме жақпағанды,
Қалайша мақуллайман.
Тартсамда сазайымды,
Мунайып отырмайман.

Ер адам қайысқанда,
Көзлерин жасламайды,
Жақсы ийт өлимтигин,
Жақынга тасламайды.

## БӘНДИРГИДЕ

(*Михаил Исаковскийден*)

Ашық-жарқын бәҳәр еди,
Аспан ашық, күн күлген
Шофер жигит барар айдап,
Начальнигин минлирген.

Бирден турған бәндиргиде,
Киятырған жол үсти,
Көрди шофёр жас бир қызды,
Тынды моторлың сести.

Айтты шофёр гүрсинди де:
—Жол бағдарын байқайын.
Билмейтуғын жер болған соң,
Бағдар сорап қайтайын.

Машинадан түсти де ол,
Атлап өтти салмадан:
Сорап билди... қыздан бәрин
Тууылғаннан бермаған.

Ал қыз болса айтты оған,
Бой жеткенин өзиниң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бой жеткенин өзиниң ҳәм
Дирилдеген сезимин.

Гүрриңлесип турды бираз,
Екеўи де шадыман.
Ал шофёрдың шығып кетти,
Начальниги ядынан...

Қайтып келсе машинада
Баслық бурқып қайнап тур.
—Сонша иркттиң,—дейди,—мени
Жол үстинде байлап қур.

—Айыплыман,—деди жигит,—
Алмаңыз тек кеўилге.
Тоқсан жолдың дәрбентинде
Жолды табыў жеңил ме?!.

МАЙДА-ШҮЙДЕ...

Не көп—майда зат көп бүгин турмыста,
Ўақтыңды алады майда нәрселер.
Сол ушын адамлар тарап тум-тусқа,
Қаңырап қалады гейде кеңселер.

Еки аўыз өсекке барған қатынның,
Сөзин жыйнай берсең қырман болады.
Екеў арадағы майда гәп пенен,
Гейде уллылар ҳәм қурбан болады.

Деймиз шайыр өлсе: „Қандай ири еди,
Өтти идеялар ышқында жасап.
Майдалар қасында жанып жүреги,
Ири нәрселерге жыйнады масақ!..“

Адамлар, неликтен майдамыз бунша,
Мени де қыйнайды майдалығыңыз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қолемди қалтырап қолға аламыз.
Қәнекей қосыққа шайдалығыңыз?!.

* * *

Жарты уйқымды саған бердим,
Алсын деп көз шырымын.
Қараңғыда қалғы, жаным,
Тарқатылып бурымың.

Ҳәсиретимди бөлистим де,
Саған бердим шадлығын.
Түн өзиме қалсын мейли,
Саған болсын жақты күн.

Ашықлықтың машқаласын,
Мен көрейин, сен көрме.
Сазәйымды мен тартайын,
Муҳаббетиң сөнгенде.

Өмирде де мүмкин онша,
Көрмедиң сен қайралып:—
Сүйискенде ким қуўанса,
Соған қыйын айралық.

Жарты уйқымды саған бердим,
Алаңсыз бир қалғып ал.
Еле татлы төсекке де,
Өмир сени зар қылар;

Бөпелериң жатқармайды,
Отырғызып тик таңда.
Қосықларым уйқы бермес,
Китап болып шыққанда.

Түни менен илинбейди,
Қара көзиң қарамық.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тәңки мурын жатар биреў,
Төсегиңе оранып.

Қорылдысы батар оның,
Сениң нәзик жаныңа.
Алыстан қол созғың келер,
Кеўилиңниң тарына.

Бирақ ол да қыйын нәрсе,
Алып ал көз шырымын.
Қараңғыда қалғы, жаным,
Тарқатылып бурымын.

## ӘКЕСИ АРТЫНДА ТУРАР ТАЛТАЙЫП...

Аўылымызда бир жасүлкен бар еди.
Дүньясы, мүлки бар... бәри бар еди.
Тек ғана дүньядан оның кемиси,
Жалғыз бир тырнаққа интизар еди.

Мақтанса ақсақал көнбей ырыққа,
Жетпес мурынына нәҳән сырық та,
Дүньяны сатар ол жалғыз басы ушын,
Досларын сатар ол келсе нырыққа.

Көп еди, төппелеп толды шыйланы,
Тәяр машинасы, гилем, үй бәри.
Сатты сүйиклисин басқа ҳаялға,
Сөйтип... тырнаққа да түсти дийдары.

Ақсақал усыннан кетти өзгерип,
Бурын көрмегенди енди көз көрип.
Аралап аўылдың арасы менен,
Өрден-ыққа шапты баласы менен.

Қонсы един азлап... көплер қатары,
Енди кирип келер ана „мақаўы".



www.ziyouz.com kutubxonasi

Отырсаң қапыңды қашады тартып,
Турсаң әйнегиңнен кесек атады.

Турады үй бетке гөзеп „кәман“ ды,
Ақсақал қайтар бул өжет баланды,
Қапысының тесигинен сығалап,
Айланып кетпейди ҳәжетқанамды.

Үйинди толтырды урлық зат пенен,
Сынық ойыншық ҳәм ағаш ат пенен.
Қой десең-о, аға, күшиң барында,
Өлип қалмайды ғой бир шаппат пенен.

Ўайран етип кеўил хошлығымызды,
Есиктен шықпаймыз енди омалып,
Әззи даўысымызды қатты шығарып,
Бузды усы бала „дослығымыз“ ды.

Шадлық керек шығар басқаларга да,
Солай сүйе ме екен бала сүйгенде,
Деймиз ара тура жанға тийгенде,
Шадлық керек шығар басқаларға да.

Берекет таппайсаң бирақ та барып,
Жақсы-жаманлығын ортага салып,
Айқырып есиктен қуўып шығады,
Бала-шағамыздың жүрегин жарып.

Дүньясы, мүлки көп... ақсақал қәйтсин,
Өмирде бир перзент көрген қартайып.
Оны сәл жүўенлеп қояйын десең,
Әкеси артында турар талтайып.

Енди итимал жоқ есикти қулплап,
Бизге „татыўлық“тан кешип кетпесек.
Сорлап бул арадан көшип кетпесек,
Яки бул дүньядан өшип кетпесек...



www.ziyouz.com kutubxonasi

# АЗАМАТ

Өз тракторы ушын курбан болған харьковлы
заманласым Анатолий Мерзляковтың естелигине

Биреўлер өз басын қутқарыў ушын,
Өртер дүканларды сайманы менен.
Өртер әлемди ҳәм... тик қалыў ушын,
Миллион аппақ-аппақ жайлары менен.

Ал енди биреўлер сатып жолдасын,
Масайрап шадлыққа батқанын көрдим.
Не бир саўдаларга шатып саў басын,
Жатлар менен ойнап жатқанын көрдим.

Ҳәтте көрип жүрмиз күн көриў ушын,
Душпанын шақырып дуз бергенлерди.
Ҳәтте көрип жүрмиз ақ сүтин айтып,
Аз-кем ақша ушын қыз бергенлерди.

Ал сен билмес пе едиң усылай жасаўды,
Ғырыстай жас едиң, жаттың өртенип.
Көзлери жаўдырап сүйиклиң қалды,
Жақын жолдасларың қалды жер теўип.

Маған ерик бериң, маўқым басылсын,
Көзимниң жаслары кетти мөлдиреп.
Бүгин шайыр болса саған бас урсын,
Ел ушын туўылған перзент өлди деп.

Ҳәзир уша алмас мениң ақ қусым,
Әззи жүрегиме түсти салмағың.
Мүсәпир ата ҳәм ана бахты ушын,
Буннан жақсы еди ғой жаман болғаның.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаңа тракторшы келди орнына
Топырағың торқадан болсын, заманлас!
Ҳадал кеўлиң ушын мың-мың үйлерде,
Биз сени қәдирлеп турмыз жалаңбас.

## МОИЫНЛАЎ

Мен сизлерди алдап жүриппен,
Бул сөзиме инан, адамлар!
Бүгин сизге ҳағын айтпасам,
Ояныўым гүман, адамлар!

Өкинбеймен ҳешким айтпаған,
Ҳақыйқатты айтқаным ушын,
Өзим зорға ийелеп алған,
Исенимди жойтқаным ушын.

Шайырман деп шертилип мәзи,
Мен сизлерди алдап жүриппен.
Қәлемим де Пушкиннен әззи,
Шөпти-шарды қармап жүриппен.

Жүз қызды мен сүйген шығарман,
О, сүйиклим, гәпимниң шыны.
Тең ярымын мен таслап кетсем,
Мени таслап кетти ярымы.

Өтириктен жыладым гейде,
Марҳумларды аятыў ушын.
Жылар гезде жылай алмаған,
Салқынларды оятыў ушын.

Гей ўақытта ийе болмасам,
Гейде ийе болдым қоллаўға.
Ҳақыйқатты көрсетиў ушын,
Гейде туўра келди алдаўға.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Базы ўақта көширип алдым,
Урлап кеўил дәптериңди мен.
Пәлен достым айтты деп гейде,
Айтып журдим гәплеримди мен.

Солайынша үйрендим аздан,
Иске салып сезиўлеримди.
Муҳаббет деп... сол қызға жазған,
Баян еттим сезимлеримди.

Өзлериңди алдадым солай,
Әңгөдектей, албаў балалай.
Алдай бердим қосығым менен,
Қанша сүйиўиме қарамай.

Өзлериңди шад етиў ушын,
Мен былғанып қалдым ыласқа.
Сөйтип сизди алдағанларым,
Гейде шығып журди ырасқа:—

Себеп: қызға муңайып жазған,
Қосығымды жаслар көширип,
Баян етип өз журеклерин,
Гей ўақытта кетти қосылып.

Хәзир бәлким олар екеўи,
Бәлент шыңға-тыңға атланды.
Соның ушын басамыз гейде,
Қызға жазған хатларды.

Жырлаймыз биз усы өмирдиң,
Гөззаллығын, сымбатлылығын.
Айралықтың ашшы екенин,
Муҳаббеттиң қымбатлылығын.

Қурғақ сөзге бөлеп дәптерди,
Айтпай бәлентпәрўаз гәплерди,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жазбай жулдыз, тау̌ ҳәм таслардың,
Шарықламай ай ҳәм аспанды,

Жүрегиңде қандай сыр бар деп,
Үңилемен көзлериңизге.
Өзлериңнен жыйғанларымды,
Айтыу̌ ушын өзлериңизге!

## ЯПОН МЕЛОДИЯСЫ

### 1

Қал болайын сениң аппақ сийнеңе,
Қул болайын қолым жетсе сүймеге,
Мениң қайры- сақау̌атлы Марико,
Жәллат яңлы кирпигиңди түйреме,

Бүгин менде бир муҳаббет бар үлкен,
Токионы сыйлайын ба, мәлийкем!
Хон-сю атау̌ының жулдызы—
Мениң Марикоm!

Атау̌ды да ал, теңизди де ал, ал бәрин,
Саған сау̌ға мениң жанар тау̌ларым,
Аспан толы жулдызлар да сеники,
Оҳ, Марико, әрманым!

Кәлемесең жоқ ғой оған өкпем де,
Жарлы япон жарымайды шекпенге.
Мениң отлы жүрегимди ал, алмасаң,
Соннан басқа ҳеш теңе де жоқ менде.

### 2

Бул өмирде қуу̌анышым тек бир сен,
Бул өмирде жубанышым тек бир сен,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Саған қарап созып едим қолымды,
Еки ийиннен кесип таслап кеттиң сен.

Булақ едим мениң жолым бөгелди,
Муз қарыйды оттай ыссы денемди.
Сыйлайтуғын жүрегим жоқ басқаға,
Қушақлаўға қушағым да жоқ енди.

Өмиримниң қызығы жоқ пәлендей,
Алыс жолда шайқаламан жол өнбей.
Сенликлердиң бәрин алып сен кеттиң,
Енди ҳешкимге сыйламасын дегендей.

3

Кимлерди мен бахытлы етип жарытаман,
Мениң тойым басланбай-ақ тарқаған.
Жулдыз мени не қылады деймен де,
Сигарамды үсти-үстине тартаман.

Жырла, кеўлим, қабырғам бир сөгилсин,
Тыңлағанлар не муңайсын, не күлсин.
Өз қызыўы жеткеннен соң өзине,
Жулдыз мениң жылыўымды неғылсын?!.

Бул өмирге жаңа келген сорлы едим,
Мен көзимди туўмай атып жерледим,
Шалқып турып сүйиклиме сыйлар ем,
Жүзигимди алмайды ғой ол мениң.

Аспан түнек, ашық едим күнге мен,
Ҳәсиретимди айта алмайман тил менен,
Әттең бирақ таслайды ғой ылақтырып,
Сүйиклимди сыйлар едим гүл менен.

Қурысын өмир ҳәсиретке толған сол,
Көтересең тек басыңа салған соң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ишқы сырын уқпайды ғой гей адам,
Өз жүзиги өз қолында болған соң.

Дослар ғана келеди тек мени деп,
Өмирде олар таяқ жеген көп рет.
Душпанларым күледи ғой, о, әттең,
Мен бәрине жылар едим еңиреп.

Өмир ушын түскен олар отқа да,
Бирақ бизиң маңлайымыз қап-қара.
Өтириктен күлимлеймен ыржыйып,
Тек соларды қамықпасын деп ғана.

4

Хиросима, Хиросима, қуўмаңлай,
Мениң қалам ыңырсыйды нурланбай.
Әкем мени муңайсын деп әкелип,
Анам мени жыласын деп туўғандай.

Жүрегимде өзиң салған жарам бар,
Ара-тура тыңлап қойың, АДАМЛАР!
Бул адамзат аман болсын десеңиз,
Жылап турған сүўретиме қараңлар!

## ЖАҚСЫ ХӘМ ЖАМАН

(*Рәўаят*)

Тәрбиялы биреўи,
Жигит екен мулайым.
Бирге жүрген адамның,
Жықпайтуғын ырайын.

Қасындағы жолдасы,
Жаман екен бирақ та.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Төр бетке ол өтипти,
Барса бирге қонаққа.

Бийиклеў жүрсе өзи,
Ол жаман қуўаныпты.
Жақсы турып жаманның,
Қолына сўў алыпты.

Гезекке отырайық,
Бизлер-әм арасында,—
Деп айтса, жаман жигит,
Көнбепти жарасыўға.

Усылай мүлайымға,
Қысымды көп берипти.
Қулласы шыдамның да,
Шегине жеткерипти...

Екеўи жолға шықса,
Соқпаққа сыйдырмапты.
Бирлесип қудық қазса,
Бир тамшы қуйдырмапты.

Отқа да таласыпты,
Суўға да таласыпты.
Таңырқап екеўине,
Адамлар қарасыпты.

Қаныңды қыздырады
Ҳәр жерде араласып.
Тойларды буздырады
Жақсыға жағаласып.

Ол пақыр буны бар деп.
Жыйыннан қала алмайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул оны мақтап журсе,
Ол буны жаманлайды.

Ауылдың адамлары,
Қаншама төзип турды.
Ақыры бул екеўи.
Бәрин де безиктирди.

Дуйым журт пикирлести;
„Былайша шешейик биз:
Кесири ушын бир жаманның
Жақсыдан кешейик биз!"

Салды да бир гүзеге,
Тирилей көмип қайтты.
Ҳәм азмаз кеўилленип,
Сәл қапа болып қайтты.

Шыдады үш күн ауыл,
Жоғалтып таяныşын.
Қәбирге кетти және,
Жеңе алмай аяныşын.

Қайысты қәбир үсти
Қызыққан аламанға.
Адамлар шоршып түсти
Абайлап қарағанда:

Бығырлап ол екеўи,
Алысып атыр екен.
Бәрибир жаман адам,
Үстинде жатыр екен!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚОСЫҒЫМ

*(Михаил Светловтан)*

Сезимлерим сөнбеген еле,
Еле лаўлар тамырымда қан.
Поэзия мениң қудайым,
Мен ше, оның қулыман мудам.

Қосығымда ойламаң мәңги,
Жырланар деп тек те бул заман.
Жыр жазаман ашықлар ушын,
Айрылғанлар ушын жазаман.

Көтерилди көп нәрсе естен,
Кәп жасадым, көпти кәрди бас.
Жаслығымның үстине ҳәзир,
Әллеқашан басылған бир тас.

Хәтте жаман емес турмысым,
Оқыўшыға таныспан бирақ.
Әсир бойлап тасладым қәдем,
Гә етикли, гә жалаң аяқ.

Ел қатары жумыс қылар ем,
Әпиўайы мен де адамман.
Күтпегенде келди де қосық,
Тутып алды беккем жағамнан.

Адамлардың өзиме жолдас,
Ортасына атып жиберди.
Келешекке болғыл да сырлас,
Түсиндир деп өткен күнлерди.

Адамлардан бөлинбе өзиң,
Сен оларға сырлас, дәртлес бол.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Автобусқа отыр, әзийзим,
Асыў ушын солар менен жол.

Ашна бол сен қуўанған гезде,
Ямаса ғам басқанларына.
Көтер ашып олардың дәртин,
Поэзия аспанларына.

Сонда сеннен жасырмай өзин,
Пинҳәм сырын ашады әлем.
Сәл булт басса аспанның жүзин,
Өширмек бол өз қолың менен.

Ғаррыға ҳәм жасқа әзелден,
Усы болар биздеги әдет.
Соңғы шырпы данасы менен,
Бир үлкен от жаныўы керек.

От сәўлеси, жалын табына,
Умтылғандай ҳәр тири инсан,
Хәмме келер жырың жанына,
Танымаған менен таныған.

Солтүсликте, түслик жеринде,
Жазсаң тыныш, урыс дәўирин.
Мәдет бол деп ғамлы кеўилге,
Даўыслайман, жалынлы жырым!

Таң балқысын үстинде жердиң,
Әлўан нурлар жайылып жумсақ.
Қайсың қәне бир қайың көрдиң,
Өзге әлемниң дарағын қумсап.

Тәбият зор илтипат пенен
Бул дарақты маған көрди еп.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өтинемен нециз кетеди,
Айға ғойын жасырақсаң деп.

Айтың және: „Мүтәж емессең,
Дастық, дәри қойма басыңа.
Жырың еле от, жалынға тең,
Тийеди, -дең, -нышанасына“...

## МЕНИҢ ТӘШЎИШИМ

Балаларды жылатпаңлар,
Қалсын олар тири, аман.
Балаларды жылатпаңлар,
Онсыз да көп жылаған.

Қайтыс болған ата-ананың,
Естирм илер хабарын.
Жылатпаңлар балаларды —
Өмириңниң даўамын!

Освенцимде жылады олар.
Сүт орнына қан ишип.
Бухенвальдта жылады олар,
Көз жасларын таўысып.

Қайыстырын қабырғасын әлемниң,
Урыс отын тутатпаңлар тазадан.
Еки жүз мың табытынан тик турып,
Хиросима еңирейди азадан.

Өмир бизди салқын бол деп туўған жоқ
Сонлықтан да қызыў болған қанымыз.
Вьетнамлықтың жылағанын көргенде,
Өртенеди жанымыз.

Өртенеди... он жүрегиң болса да
Шыдамайды ер бенде,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир ананың езилген бес баласын
Танк астынан суўырып,
Бир қапшыққа жылап турып
жыйнағанын көргенде.

Бес жүрегин өширди,
Көзиниң бес қарасын.
Жыламайды бундайда,
Қайсы ийттиң баласы?!.

Жигирма биринши әсирим,
Бул сумлықты көрмесин.
Емип атыр нәресте,
Өлип атқан жас ананың,
Суўып қалған мәммесин...
Мен жүреги таслардың,
Жек көремен ҳәммесин!

Адам жаны муңайыўға,
Жылаўға да ҳақылы.
Ҳайўанлыққа қол шаппатлаў,
Мүмкин емес, ақыры!

Маған өмир қызық емес,
Жанға батса аўыры.
Маған әлем толық емес,
Жанып атса жарымы.

* * *

Жүрегимде тынып жатқан бар булақ,
Жүрегимде бар тұңғыйық Аралым.
Бирақ саған келген ўақта албырап,
Белгили ғой сөз таба алмай қаларым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мейли-аў бәри! Жүрек тур ғой табысып
Түсинбе тек қолайсыз деп буны, еркем!
Бар сөзимди бүгин айтып таўысып,
Ажырасып кетпеймен ғой күни ертең.

## ҚУРАЛАЙ КӨЗ ҚАРЫНДАСЫМА

(*Ҳәзил*)

Бүгин бунша кеўлимди дирилдеттиң,
Соқпағымнан адасып қырып кеттим.
Мен ҳаққында бир китап жаз деп едиң,
Саған арнап дәслепки гүлимди ектим.

Жанымның көрсең еди жайнағанын,
Бир букет саған арнап сайлағаным.
Қызды көрсе кеўилшек шайыр деген,
Рас көрип жүреди ойнағанын.

Шама бар ма ағаңда наз еткендей,
Шайпалады қыялы жаз өткендей.
Сен мени бир қуўантып мунайттыршы,
Дым болмаса жүрмейин азап көрмей.

Бир толқын сал кеўлиме, ылай салма,
Қосық оқып жүремен бир ай сонда.
Талай қосық жазып ем бостан-босқа,
Мен өзиңнен ырзаман муңайсам да.

Мийиримди бир қандыр булақ болсаң,
Көп сағынып жүрейин жырақ барсам.
Қарақаны болсын деп үйленгенниң,
Сен кеткенде қәнекей жылап қалсам!

Көп ойнайды сулыўлар мен билемен,
Жеңе алмайман, өзиңе жеңдиремен,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аға деген тилиңнен айнанайын,
Айнанайын көзиңнен мөлдиреген.

Қарағаның кеўлимди жаз қылады,
Ким керилип сулыўға наз қылады?
Өз-өзинен келмэйди жақсы китап,
Оны зорлап сулыўлар жаздырады.

## ТАЎЛАР

*(Ө. Сәўирбаевқа.)*

Барлық таў дей алмаймыз бийик бүгин,
Мен десе көтермейди ыйықты ким?!
Гей таўлар геўдесинен кән шығарып,
Кэтерген байлығынан бийиклигин.

Шайырлар жырға қосар бийикти көп,
Барлығын болмас бәлки сүйикли деп.
Қойнында нәрсеси жоқ гейбир таўдың,
Басы тур көк аспанға ыйық тиреп.

Болса да геўдеси оның аспан маған,
Қай таў бар жердиң бетин жастанбаған?!

## НАН ХӘМ ҚУРАН

*Аңыз*

Шағал мәслик қурып жүрген ўақтында,
Бир молла тойынып „зәҳәр-заққымға“,
Аўзына баўырсақ салып отырып,
Буркып көп сөйлепти қуран ҳаққында:

—Дүньяда қураннан уллы нәрсе жоқ,
Түссең алып шығар пәтли азаптан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дүньяда қураннан уллы нәрсе жоқ,
Писсеӊ алып шығар отлы дозақтан!..—

Деп ол бара-бара кетип ҳәсиге,
Баҳаны бермекши болып қуранға,
Қолының майларын сүртип мәсиге,
Қуранды қойыпты порсылдақ НАНға.

Буған ашыўланған үйдиӊ ийеси,
Аўылынан бир арқа қуран алдырып,
Үлкен нан себетти байлап пәтикке,
Таслапты ийшанды аштан талдырып.

Молла үш күн аят оқыды шырлап,
Созса қолы жетпей нәҳән себетке.
Молла үш күн турды қаныны тырнап,
Алланы шақырып турды кәмекке:

—Аш болдым соныӊдай қурысын қуран,
Белден димар, меннен кейин кетежақ.
Қудайым, нан жибер, жалғыз тислем нан
Болмаса молланыз шейит кетежақ!..

Бирақ бенде қатал, аллада, не көп,
Бир өзи үлгерсин қайсы жағына?!.
Молла үш күн турды бармағын тислеп,
Бирақ кези енди жетти ҳағына:

—Умтылғаным ушын, алла, уллы нәрсеге,
Өзиӊ кеширегөр мениӊ гүнамды!—
Деп узын қолларын созып себетке,
Молла НАН ды алды басып қуранды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ИЙТ ҚЫЛЎАСЫ

Аўылымызда бар еди бир қаншық ақ,
Турар еди жүзин сондай қубылтып.
Журер еди қаңсылап,
Гүлли аўылдың „бойдақ“ларын шубыртып.

Билмедим мен (жанып турған нур көзде),
Сол қаншыққа ийтиң қалай жылыйды?
Сол қурғырға „ашық“ болып бир гезде,
Мениң де ийтим таслап кетти жыллы үйди.

Ўай—ой, енди хор болдым мен намыстан,
Шайыр едим, геўдемдеги жыр тынды.
Көрген халық дер еди бир арыслан,
Аяп кеттим, аяп кеттим ийтимди.

Қарай гөр сен нәлетийдиң кесирин,
Жарқырап бир ашылсын деп аспаным:
Қаншығына жасадым да кеширим,
Мен ийтимди паңқ еткизип таслладым.

## ШАЙЫРЛАРҒА ТИЙМЕҢ...

Шайырларға тиймең, адамлар,
Шайыр қыздай мүлайым болар.
Минезлери жипектей нәзик,
Иретинде Гүлайым болар.
Шайырларға тиймең, адамлар!

Жазар сөзин жазып қалсын ол,
Семирип гө азып қалсын ол.
Жыр булағын қазып қалсын ол,
Жүрегине пәпәк, наҳақтың.
Еки жүзли қанжар салсын ол,
Шайырларға тиймең, адамлар!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өзлериң деп өргенер шайыр,
Ауырынды желкелер шайыр,
Қайра басып туўған жеринде,
Өз елине еркелер шайыр,
Ортақ болып жақсылығына,
Жаманынан жеркенер шайыр,
Шайырларға тиймең, адамлар!

Келмегенсең бир мереке берсем,
Биз бармаймыз сен егер өлсең,
Деп жыйында сөгип жүрменлер,
Абырайын төгиш жүрменлер,
Азын-аўлақ уйқласын шайыр.
Қум қылмастан оның жигерин,
Алданса ол алдап жибериң!..

Шайыр да бир нәресте бала,
Онсыз дағы уйқысы шала.
Кеўилине тиймеңлер зинҳар,
Кейин оны алмайсаң ала.
Мақта оны, кетсин қуўанып,
Сен бар деп тек жүрер жубанып,
Ол жасамай—жүреди жанып,
Шайырларға тиймең, адамлар!

Шайыр деген илҳәм булағы,
Бөгей берсең тесип шығады.
Ол пүткиллей ҳадаллый нәрсе,
Ҳадал адамлардан жуғады.
Түрткилеме өз баланды сен,
Онда шайыр қайдан шығады?
Тек ақмақлар ишер суўына,
Кирлеп кеткен қолын суғады,
Шайырларға тиймең, адамлар!

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шайырлық маған да несип. Көрейин,
Нәҳән китап жазып, өсип көрейин.
Азғана жел бер де бел бер қолыма,
Мен саған топрағап қосық берейин,
Болмаса мурнымды кесип берейин!

* * *

Аўылымда кызлар көп еркелеген,
Бирақ бири буншалық өртемеген.
Қыйсацлатып шелегин Фируза қыз,
Суў алыўға шығады ерте менен.

Суў алыўға шығады таң азанда,
Яки кеш пе, әйтеўир мәни аз онда.
Ақ көйлеги желбиреп самал менен,
Аяқ изи қалады қара жолда.

Сығалайман перделен корка турып,
Айым мениң атқандай қайта туўып.
Нәзик геўде өтеди дир-дир етип,
Толы шелек кетеди шайпатылып.

Жарқыратып кеўлимниң түнегин күн,
Кирсе деймен үйиме нуры өмирдиң,
Суў бер ҳәзир, Фируза, уў бер маған,
Ҳаплыгыўын басайын журегимниң!

* * *

Гейде мени биреўлер уялатады:
Қуўантады, қуўантып, жылатады.
Шайыр деген кеўилшек, кеўилшекти,
Жеткен адам ап-аңсат қулатады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өз ярым бар өзиме жететуғын,
Еркелигим, беклигим өтетуғын.
Неғылайын өзгениң арыў қызын,
Аўмастырып басқаға кететуғын.

### ЦЫГАН САЗЫ

Барлық тил де узақ емес бизлерге,
Аспан асты — үй усы!
Сол тилде биз сөйлеймиз.
Қайсы жерде жүрген болсақ сыйысып.

Бизде Жер бар, кең аспан бар жалғыз-ақ,
Цыгансыз жер қайда бар?
Аяқ жетпес бар ма узақ,
Бизге таныс қубслик те, тайга да.

Ес гитардан пәтли даўыл,
Ҳешкимге де жырақ емес намамыз.
Қақ жүректиң қоңыраўын,
Эх, цыганка, қара қыз!

### ЖАЛЫНЫШ

Усы бүгин қабағым сулық мениң,
Жараланған жаныма үмит бериң.
Егер сизде бар болса бир кудирет,
Өмиримниң бағдарын билип бериң.

Жазалмадым мен бүгин жазыўымды,
Сырқыратты бир иллет азыўымды.
Егер Сизде бар болса бир қудирет,
Қайтарың, жайма-шуўақ ҳәзилимди.

Қағып едим талайдың қапыларын,
Бүгин сизсиз жәрдемге шақырарым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Егер сизде бар болса бир қудирет,
Жазғы желге ушпасын жапырағым.

Жақсы дейди өмирден үмит қылған,
Тоқтамағай саатым жүрип турған.
Илинбейди кирпигим, сәл илинсе,
Лирашымды көремен күлип турған

Сәл жыласа бесигин тербетемен,
Ол муңайса көзимди көллетемен...
Бир бүртигим өмирде аман қалсын,
Керек болса ол ушын мен кетемен!..

* * *

Қолымнан мениң келмеди, жаным, ҳештене
Қуйылып кетти папашыңның ускини.
Хош, ырза бол, Лирашым—
Лирикамның ушқыны!

## ПОЭЗИЯ

Жанымнан шықпай жүрдиң сен,
Сезимниң албаў ўақтында.
Дүньяны жырга мегзетип,
Сөйлединң қосық ҳаққында.

Даладан гүл де жыйнадын,
Әкелдиң маған оны да.
Поэзия деп бир тал бүртикти,
Услатып кеттиң қолыма.

Келискен кәдди бойларың,
Кирпигиң ништер—оқ еди.
Мени де бир қыз сүйер деп,
Ядыма келген жоқ еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қуўаныш толды кеўилге,
Жүрегим сондай толқыды.
Биринши мәрте өмирде,
Уйқысыз шықтым сол түни.

Гүналар ким бар ашықты;
Қуйылса сезим булақтай.
Сол күни жаздым қосықты,
Ҳешкимниң жырын унатпай.

Жуўырдым қатар-қурбыға,
Мазасын да алдым олардың.
Тәўирлеў деген жырды да,
Мүмкин мен сонда шығардым.

Бирден-ақ озған бедеўлер,
Шаппайды-аў гейде жыраққа.
Бақытлы болған бир күни,
Умытып кеттиң бирақ та.

Жаңа ғаз турған баладай,
Жалпылдап бирден қуладым.
Ер болыўға да жарамай,
Езилип қатты жыладым.

Сол күни бәлким буныма,
Жаздым ба қаным қарайып.
Сондағы жазған жырымды,
Оқып та қойды-аў халайық.

Түсиниң сайыз ойымды,
Суўытып кеўлин бул бир сын.
Жаңадан шыққан шайырды,
Өсеклеп кетти ким билсин?!.

Пикирим сондай былғасып,
Келе алмай қойдым өзиме.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол күни шыққан бир қосық,
Түспеди ме екен көзиңе?

Оқыған гезде ышқыңың,
Шарабын ишкей деп едим.
Көзиңниң жасы үстине,
Мөлдиреп түскей деп едим.

Өкиниш ишлей, жүреги
Өртениш-күйгей деп едим.
Ендиги тапқан ярыңды,
Турақлап сүйгей деп едим.

Егер де олай болмаса,
Бул жақты дүнья тар маған.
Поэзия деп маған усынған,
Бүртигиң гумша жармаған...

## АЙТ, ЖАНЫМ!

Айтшы, жаным, тартынба ҳасла,
Қосылғаның гарры ма, жас па,
Досты жоқ па өзиңнен басқа,
Қыялыма алдайтуғындай,
Маңлайыңды соқтырып тасқа.

Истен қайтсаң күтип ала ма,
Сүйдиргенде кеўли тола ма,
Қызғанғанда күйип-жана ма.
Қыялыма сүймейтуғындай,
Өйтсе оған күлип қарама.

Түри қандай, көзлери қандай,
Тарта алмай ма сезимсиз жаңдан,
Тура ала ма есинен танбай,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир салқынлық бар шыгар бәлки,
Жүргенсенди түсине алмай.

Емес шығар мениндей ашық,
Сөзи бәлки шынлықтан қашық,
Айт, айта бер кеўлинди ашып,
Өзим ушын өмирде сени,
Өкинтпеспен бегиңе басып.

Жоқ дейсең бе, жоқ болса жоқдур,
Барлығынан кеўилиң тоқдур,
Өткен өмир атылған оқдур.
Жубын таппай қалған муҳаббет,
Көкиректе ғыжлаған шоқдур.

Неғылайын сени қаратып,
Зәҳәриңди жүриппен татып,
Тек жыр жаздым шерди таратып,
Көз алдымда мақтама оны,
Көкирегимди мениң қанатып.

## ОН АЛТЫДАҒЫ ҚАРЫНДАСЛАРҒА

Алдамаў керек сүйгенде,
Жалтармай өмир сүриўге,
Еркин бир басып кириўге,
Есигин ашқан үйлерге.

Қарындаслардың қасында,
Келеди ҳадал сөйлегим.
Сизлерден бурын себебин,
Гөнерди мениң көйлегим.

Гөнердим мениң өзим де,
Асығып жүрип әрманга.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көп қарай берме сүзилип,
Отырып бирге қалғанда.

Өтирик айтыў не керек,
Жоқ болса не зат—жоқ менде.
Алдарман бәлким мен сени,
Шалқып бир шалқып кеткенде.

Сол гезде мени танып күн,
Көп ерик берме сезимге.
Өйткени маған жолықтың,
Отыздан өткен гезимде.

Отызға келдим минекей,
Торлады әжим маңлайды.
Қар басқан гезде адамды,
Периште деўге болмайды.

Онлаған жыллар бурын да,
От-жалын болған бул ағаң.
Унамай қалса бир қызға,
Екинши қызға унаған.

Есиме гейде түседи,
Уйқысыз шыққан кешелер.
Шаңғытып еле турады,
Мен жүрип өткен көшелер...

Асыўлы жүр де жарағым,
Ай менен күнге теңесем.
Аўлақ жүр меннен, қарағым,
Алдап бир кетсин демесең.

Отыз жас деген—тәўир жас,
Оқлаўлы турған писеңдей.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аныҡлап ҡара көзиме,
Сөзиме мениң исенбей.

* * *

Кеўилимди жырға бөлеп,
Жолығып едиң ҡай күни?
Оншалыҡ жарлы емеспен,
Өзиңдики жанымның барлыҡ байлығы.

Тоңып бир турған гезимде,
Жанымды нурға бөлединг.
Салпаўсып турған сезимге,
От берип кеткен сен едиң.

Өзиндики ҡосыҡлар,
Барлығы да өзиндики, ҡанатым!
Шуўағыңды өзиң алып кеткенде,
Ерген маған ҡалады ғой ҡара түн.

Ҡарайды ғой бәри де маған түнерип,
Ишинен буны хошламай жүрген жанлардың.
Ким болар екен ҡасымда,
Ҡанатым мениң талған күн?!.

Сааттай мениң жүрегим,
Соғып бир кетти дүрсилдеп.
Кеттиң-аў мениң төбеме,
Көгинде бүгин бир жулдыз жанып турсын деп.

Рахмет, соңына да сүйиклим,
Таң менен бүгин бирге аттым.
Жадырап жүрген күнлерим ушын өмирде,
Рахмет саған, ҡымбатлым!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖУРЕКТЕГИ ЖАЗЫЎЛАР

Әсирлердиң батпай келген азыўы,
Бизиң елдиң бар өзиниң жазыўы.
Оны да биз жазыў деймиз, өйткени,
Ҳәр нәрсеге түскени ме жазығы?!.

Талай патша бул жазыўды жек көрди,
Талай араб өз ҳүкимин өткерди,
Бул жазыўды өзгертсем деп Муҳаммед,
Кең жәҳәнниң тәгдирине от берди.

Жазылған соң болмайды ғой оны атып,
Болмайды оны көпегиңе талатып,
Жойта алмаған сөйтип пайғамбериң де,
Көп ерлердиң көкирегин қанатып.

Ол туўралы талай китап жазылган,
Соралған ол талай илим-пазылдан
Бизиң алтын әсирде де оны излеп,
Талай гөне топырақлар қазылған.

Ҳәрким оны асығады көргенше,
Ҳәрким оны сағынады бир көрсе.
Эҳ, бир күндей өтти-аў нешше әсирлер,
Бул адамзат затты—зат деп билгенше!

Бизиң елдиң муҳаббети—жарық күн,
Не түрлисин көрсетеди ҳәриптиң.
Тапқың келсе ол жазыўды изле сен,
Көкирегинен қасийетли халықтың.

Халқым мениң туўысқан ел бир тутас,
„Қырқ қыз“ жазсаң бир қатарын умытпас.
Мен өлсем де усы тилде сөйлегей,
Қәбириме қойып кеткен қулпытас.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Мен ҳәзир отыздаман,
Алдыма да, артыма да қараман.
Алдымда бәри деп жүрип,
Артымда қалды талай күн.

Бул жастың барын билмей,
Онбесте көп ойнадым.
Жигирма жасымда да,
Ертелеў деп ойладым.

Отыздаман мен бүгин,
От-жалын көкирегим.
Ҳәзир кесип түспесем,
Ертең өкинемен.

Қайралып алайын деп,
Басымды тиктим бүгин.
Сермелип қалайын деп,
Қынымнан шықтым бүгин.

Семсермен—
тат басып атқан талайдан,
Сермелип кетсем қияман.
Қайралып гаска алғансоң.
Қынына қалай сыяман?!.

Бәйгиге шықса биреўлер,
Мениң де арқам қозады.
Батады мениң жаныма,
Бос жатқан күнниң азабы.

Қашанғы отыраман,
Тат басып қынабымда.
Жарқылдайын баўырымды жазып бир,
Жаслықтың шуўағында.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЗМУНЫ


| | |
|---|---|
| Елим мениң | 3 |
| Көсемиме | 4 |
| Кәрўан әсте-әсте көшип баратыр | 4 |
| Биринши муғаллимиме | 6 |
| Ақ қайыңлар | 8 |
| Муҳаббет дегеннен-ақ | 9 |
| Жетер | 9 |
| Айта алмайман | 10 |
| Ақ бантик таққан бир сулыў | 11 |
| Аҳ, сол қыз | 12 |
| Шайырлар | 13 |
| Илҳам | 14 |
| Бүлбилге кесек атпа | 14 |
| Студентка | 15 |
| Бөлмеңе кеште мен жағып кеткен сол жулдыз | 16 |
| Ой | 16 |
| Геўдеңе жағып жалынды | 17 |
| Саррапшыдан сорадым бирде | 17 |
| Жанымды бүгин толтырып кетти сезимге | 18 |
| Испан халық эпиграммасы | 18 |
| Әке кетти өмирден | 19 |
| Қосық | 19 |
| Аллаў | 20 |
| Болмағай | 21 |
| Кеңислик | 21 |
| Көк экранға қашан шығасаң | 23 |
| Арнаў | 24 |
| Жаўып атыр аппақ қар | 25 |
| Туўған жерге | 26 |
| Ийтке де бир қосық | 26 |
| Жүр кетейик халықтың арасына | 27 |
| Романс | 29 |
| Сағыныш | 29 |




www.ziyouz.com kutubxonasi

Қандай жақсы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 30
Мен сениң кеўлиң ушын . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 31
Дигирманшы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 32
Бәрин бер маған . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 33
Отыз жас . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 35
Аўылымның адамлары . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 35
Тоқта, достым . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 36
Аппақ хат . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 37
Телефоным лал болып қалды . . . . . . . . . . . . . . . . . 44
Мен бүгин жырламадым . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 45
Бәндиргиде . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 46
Майда-шүйде . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 47
Ярты уйқымды саған бердим . . . . . . . . . . . . . . . . . 48
Әкеси артында турар талпаныи . . . . . . . . . . . . . . . 49
Азамат . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 51
Мойынлаў . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 52
Япон мелодиясы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 54
Жақсы ҳәм жаман . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 56
Қосығым . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 59
Мениң тәшүнишим . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 61
Қуралай көз қарындасыма . . . . . . . . . . . . . . . . . . 63
Таўлар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 64
Нан ҳәм қуран . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 64
Ийт қылўасы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 66
Шайырларга тиймең . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 66
Аўылымда қызлар көп еркелеген . . . . . . . . . . . . . . . 68
Гейде мени биреўлер унатады . . . . . . . . . . . . . . . . 68
Цыган сазы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 69
Жалыныш . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 69
Поэзия . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 70
Айт, жаным . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 72
Он алтыдағы қарындасларға . . . . . . . . . . . . . . . . . 73
Кеўилимди жырға бөлеп . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 75
Жүректеги жазыўлар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 76
Мен ҳәзир отыздаман . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 77

www.ziyouz.com kutubxonasi

*На каракалпакском языке*

**Калбай Зарипбаевич Абдираманов**

**ПУТЕШЕСТВИЕ В БУДУЩЕЕ**

*(стихи,)*

*Издательство „Каракалпакстан"*
*Нукус—1981*

Редакторы Ш. Сейтов
Қарап шығарған Ө. Сәрсенбаев
Художник Н. Кыдыров
Худ. редактор К. Рейпназаров
Тех. редакторы Э. Алламуратов
Корректоры Б. Файзуллаева

ИБ. 1070

Теруге берилген ўақты 15/I-1981-жыл Басыўға руқсат етилген ақты 22/III—1981-жыл. Қағаз форматы 70х108$^{1}/_{32}$ Көлеми 2,5 баспа табақ, 3,5 шәртли баспа табақ. 3,0 есап баспа табақ РК 30057 Тиражы 5000. Баҳасы 35 т.

„Қарақалпақстан" баспасы, Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9

ҚҚАССР баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасыислери бойынша мәмлекетлик комитетиниң „Правда"ның 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты. Заказ 47

www.ziyouz.com kutubxonasi